



15 Desanm, 2021

Chè Kominote Kanpis,

Etan done ke sesyon an ap fini epi n ap palnifye pou n pase peryod konje yo ak zanmi, fanmi epi pwòch nou, mwen te vle remèsye chak manm nan kominote nou an ki te ede nou kenbe kantite ka COVID-19 yo trè ba pandan sesyon an. Sa te vin pi fasil gras ak to vaksinasyon nou an ki te wo epi mask yo ke nou te mete. Angajman w pou te reyalize tou 2 aksyon sa yo te ede nou pwoteje w ak lòt moun ki sou kanpis lan.

Menm jan ak anpil kote atravè peyi an e nan mond lan, nou aktyèlman ap fè fas ak yon ogmantasyon nan ka COVID-19 yo sou kanpis la pandan semèn ki sot pase a. Pandan kantite ka an jeneral nou kontinye rete trè ba pou yon kominote nan dimansyon nou, ogmantasyon sa se yon rapèl pou nou tout pou nou rete vijilan nan efò nou pou limite pwopagasyon viris lan sou kanpis nou an.

Pandan n ap planifye pou peryòd konje ivè a, avèk sante w epi sekirite w nan panse nou, men kèk fason pou kontinye pwoteje tèt ou ak lòt moun yo:

- Si ou santi w gen sentòm, rete lwen de lòt moun epi **fè tè** COVID-19 osito ke posib. Sa vreman enpòtan pou stope pwopagasyon an.
- Lè w ap reyini ak lòt moun, mete mask KN95 ou. **Mask KN95** gratis toujou disonib nan Bwo Enfòmasyon Stamp Student Union oswa pale dirèktman ak yon Sipèvizè.
- Nan sitiyasyon kote ou paka mete mask, tankou pandan w ap manje oswa bwè, pran distans de lòt moun yo pi plis ke posib.
- Lave men w souvan ak savon epi/oswa itilize dezenfektan pou men.
- Finalman, pran yon **dòz rapèl** COVID-19. CDC ankouraje tout moun ki aje de 16 zan oswa plis pou resevwa yon dòz rapèl. Yon dòz rapèl ogmante pwoteksyon kont fòm grav maladi COVID-19 lan ak varyan yo, sa enkli varyan delta ak nouvo varyan **omicron** an. Ou kapab resevwa yon dòz rapèl nan diferan lokal nan eta a ak famasi yo. Ou kapab pran li tou nan Sant Sante Inivèsite a **Chèche yon sit vaksinasyon.**

Nou swete etidyan nou yo bon siksè pandan pou preparasyon egzamen final yo, epi nou remèsye tout moun nan kominote nou an pou angajman kontinyèl nou pou sante ak sekirite nou.

Pase yon bon konje fen ane an sante.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Spyridon S. Marinopoulos". The signature is stylized and cursive.

Spyridon S. Marinopoulos, MD, FACP

Direktè, Sant Sante Inivèsite a

Medsen an chèf, University of Maryland

He/Him/His